

Kisa Lojman Ekitab ye?

Tout moun k ap viv nan Nouyòk merite pou yo gen menm chans, san paspouki, pou yo jwenn lojman. Lwa sou Dwa Imen nan Vil Nouyòk entèdi diskriminasyon nan lojman prive ak piblik, nan teren, ak nan espas komèsyal nan Vil Nouyòk. Sa vle di, nenpòt moun k ap vann, lwe, oswa afèmen—sètadi kit se mèt kay, sipè-entandan, jeran imèb, koutye, ak ajan imobilye—yo pa gen dwa diskrimine kont yon moun poutèt estati pwoteje aktyèl oswa estati pwoteje yo sipoze moun nan genyen, daprè lalwa.

LI ILEGAL POU:

- Refize vann, lwe oswa afèmen yon lojman
- Mande peman anplis, oswa chaje yon lwaye pou ogmante li, epo sekirite ki pi wo, oswa frè anplis
- Afiche piblisite ki limite tip lokatè oswa ki fè deklarasyon pou refize aksepte yon tip lokatè byen presi
- Pa fè reparasyon apwopriye, oswa pa bay sèvis ekitab bay sèten lokatè
- Refize aksepte asistans lwaye nan men leta

BAZE SOU ESTATI PWOTEJE AKTYÈL OSWA ESTATE MOUN PANSE KI PWOTEJE:

- Laj
- Ras
- Koulè Po
- Kwayans/Relijyon
- Orijin Natifnatal
- Sèks Moun lan
- Sous Revni (grasa asistans lwaye leta tankou Seksyon 8, LINC oswa FEPS oswa nenpòt fòm asistans piblik ki enkli Asistans Kach ak Revni Sekirite Sosyal pou peye lwaye)
- Metye
- Kondisyon Imigrasyon
- Prezans Timoun
- Estati antanke yon Viktim Vyolans Nan Kay, Vyolans Seksyèl oswa Pèsekisyon
- Idantite Seksyèl
- Andikap
- Gwosès
- Oryantasyon Seksyèl
- Eta Sivil oswa Konkibinay



PA GEN PLAS POU DISKRIMINASYON NAN LOJMAN NAN VIL NOUYÒK

**LOJMAN EKITAB.
Se Dwa W.
Se Responsabilite W.
Se Lalwa.**

NYC Komisyon sou
Dwa Imen

Konsèvasyon ak
Devlopman Lojman

[f](#) [t](#) [@](#) [v](#) [M](#) [in](#) @NYCCHR @NYCHousing

#FairHousingNYC

NYC Komisyon sou
Dwa Imen

Konsèvasyon ak
Devlopman Lojman



SITIYASYON NAN LAVI REYÈL POU EDE W IDANTIFYE DISKRIMINASYON

5 BAGAY TOUT LOKATÈ FÈT POU KONNEN OSIJÈ LOJMAN EKITAB NAN VIL NOUYÒK

- 1** Yon mèt kay pa gen dwa refize ofri yon afêmaj, ni chaje lwaye pi chè, ni mande pou peye frè anplis, ni refize fè reparasyon akòz estati pwoteje w la (Gade nan seksyon nan tablo a ki make Kisa Lojman Ekitab ye?).
- 2** Se dwa w pou mande yon aranjman rezonab pou andikap ou genyen. Nan pifò sikonstans, mèt kay la fèt pou l peye pou aranjman an, amwenske si l ta fè sa, sa ka mete l nan sitiyaasyon difisil. Yon aranjman rezonab, kapab se, pa egzanp, yon chanjman fizik nan imèb oswa nan apatman w lan, oswa chanjman nan règleman imèb la pou pèmèt ou kenbe yon bèt domestik ki ba w sipò emosyonèl.
- 3** Se dwa w pou wè tout lojman ki disponib yo. Yo pa gen dwa limite ni dirije w nan yon zòn anpatikilye, nan yon katye oswa nan yon apatman anpatikilye. Pa egzanp, yon mèt kay oswa koutye ba gen dwa di ke yon apatman se “pou fanmi sèlman” oswa yo pa gen dwa di “sa pap mache” poutèt lokatè ki gen entansyon lwe a gen yon andikap.
- 4** Mèt kay yo fèt pou aksepte asistans lwaye leta bay. Si w ap resevwa asistans piblik Seksyon 8, LINC, HASA, SSI/SSDI, oswa lòt asistans piblik, yon mèt kay ki gen yon imèb ki gen sis oswa plis inite, fèt pou l aksepte asistans lwaye sa a.
- 5** Se dwa w pou ou pa viktim pèsekisyon, ni pou pa tolere okenn konpòtman oswa kòmantè menasan akòz estati pwoteje ou, ni nonplis se pa pou sibi bagay sa yo nan men lòt lokatè (Gade nan seksyon nan tablo a ki make Kisa Lojman Ekitab ye?).

Si ou panse ouviktim diskriminasyon, rele **212-416-0197** epi mande pou Komisyon Vil Nouyòk sou Dwa Imen (NYC Commission on Human Rights).

5 BAGAY TOUT MÈT KAY JERAN PWOPRIYETE/KOUTYE FÈT POU KONNEN OSIJÈ LOJMAN EKITAB NAN VIL NOUYÒK

- 1** Ou pa gen dwa refize lwe, ni chaje yon lwaye pi chè, ni enpoze frè anplis, oswa ofri sèvis diferan oswa refize bay aksè nan enstalasyon yo, ni pa fè reparasyon sou labaz estati pwoteje nenpòt rezidan, selon lalwa. (Gade nan seksyon ki nan tablo a ki make Kisa Lojman Ekitab ye?).
- 2** Li ilegal pou afiche piblisite oswa pou fè lòt deklarasyon ki fè konnen oswa ki ensinye ke yo pap aksepte lokatè ki gen yon estati pwoteje. Pa egzanp, anons ki deklare “nou pa aksepte kupon (no voucher)” oswa “nou pa aksepte timoun (no children)”, se yon vyolasyon lalwa.
- 3** Ou fèt pou bay epi, nan pifò sikonstans, ou fèt pou peye pou yon aranjman rezonab pou yon lokatè ki gen yon andikap lè lokatè a mande sa, epi si sa p ap nan pifò sikonstans, lakòz gwo sitiyaasyon difisil pou ou.
- 4** Nan yon imèb ki gen 6 inite oswa plis, ou fèt pou aksepte tout asistans lwaye leta bay nan men yon lokatè aktyèl oswa nan men yon lokatè potansyèl. Ou pa gen dwa refize kèlkeswa fòm asistans lwaye leta bay.
- 5** Fòm anplwaye w yo pou yo konnen lwa a. Ou gen responsabillite jiridik pou sa anplwaye ak ajan w yo, ikonpri sipè-entandan, travayè ki okipe antretyen, koutye, ak ajan lavant yo di ak fè anba non ou. Asire w anplwaye ak ajan w yo konnen lwa sou Lojman Ekitab la ak kijan pou yo respekte lwa sa yo.

Si ou ta renmen patisipe nan yon sesyon enfòmasyon gratis sou Lwa sou Dwa Imen nan Vil Nouyòk, rele **212-416-0197**.

Sitiyaasyon #1

Yon nouvo mèt kay eseye fè yon fanmi imigran ki abite nan imèb la demenaje, lè l di fanmi an ke gen aktivite ki ka fèt kote lapolis ka vini epi sa ka reprezante yon menas depòtasyon pou yo. Ekspwatasyon vilnerabilite lokatè poutèt kondisyon imigrasyon se yon vyolasyon Lwa sou Dwa Imen nan Vil Nouyòk.

Sitiyaasyon #2

Yon piblisite sou Craigslist liste yon apatman de (2) chanm akouche pou lwe nan yon imèb ki gen sis (6) inite. John kontakte koutye a pou mande enfòmasyon sou apatman an, epi John di l li gen yon kupon Seksyon 8 pou yon de (2) chanm akouche. Koutye a reponn: “Mwen dezole. Nou pa aksepte Seksyon 8.” Se yon vyolasyon Lwa sou Dwa Imen nan Vil Nouyòk pou refize lwe yon lokatè paske l ap peye lwaye avèk asistans lwaye leta.

Sitiyaasyon #3

Lucy gen yon andikap ki fè l gen gwo anksyete ak kriz panik, men epizòd li yo diminye anpil lè li okipe chen ti frè l la. Doktè Lucy a rekòmande pou l gen yon bèt domestik ki pou ba l sipò emosyonèl, men li mande mèt kay li a, ki gen yon règleman kote yo pa aksepte bèt domestik, epi mèt kay la refize, metsouli li menase Lucy ke l ap fè l peye yon amann. Lwa sou Dwa Imen nan Vil Nouyòk egzije pou mèt kay yo bay aranjman rezonab pou lokatè ki gen andikap ki mande pou sa, amwenske aranjman an ka koze yon sitiyaasyon difisil.